МКОУ «Ленинаульская средняя общеобразовательная школа №1

имени Героя Советского Союза Ханпаши Нурадилова»

# Сценарий открытого урока по родной литературе на тему : «Эдилов Х.М. Сийлахьа»

Составитель: учитель родного языка и литературы Саипова Ш.И.

# Эдилов Х-М

## «Сийлахьа»



Урокан тема: Ибрах1им а,Сийлаха а.
Урокан тайпа: тобанан.
Урокан кеп : диалоган технологи.
Урокан 1алашо: Кхетош-кхиоран маь1на Даймохк безаш хилар а, дика
г1иллакхаш лардан дезаш хиларх дешархой кхетор а.
Дешархошка шайга турпалхойн дика , вон аг1онаш билгалъяхийтар.

Г1ирс : 1. Яздина дешнаш : Цкъа дайна сий лахарх карор дац.
2. Т1аьхьенгахь юьхь йоцуш эхье хан йоккхучул ,

эзарза г1олий ду сийлаллийца валар.
Ш. Руставели.

Дурс д1аяхьар:

1. Вовшахтохаран болх-Дешаран ойла т1еерзор.
2. Долчу хаарийн актуализаци .
   -Шуна х1ун еллера ц1ахь 1амо?
   -Тхуна ц1ахь 1амо еллера Эдилов Х. язйина поэма « Сийлаха».
   Цуьнан чулацам схьабийца хаа а. Шайна хазахета 3-4 строфа дагахь 1амо.
3. Чулацам буьйцуьйту 1-2 дешархочуьнга .
   --Кхин а шуна шайн-шайна тобанашна белла болх бара ,цхьацца турпалхочух лаьцна кечам бар.
   1амийначара юьйцу шаьш 1амийна кийсакаш.
   3-4 дешархочуьнга юьйцуьйту
   - Доцца хьа эр дара аша, муьлхачу хенахь , меттехь хилла иза ?
   -Валарг т1ехь Эдилов Х.язьйина 70 шо хьалха.
   -Х1инца хьа эр дара аша коьрта турпалхой муьлш бу поэми т1ехь?
   -Коьрта турпалхой бу Ибрах1им а, Сийлаха а.

4. Керла коьчална т1евалор -Дешаран хьесап д1ах1оттор.
   -Шайн тобанашна белла болх муха кхочуш бина хьовсур ду-кх вай.
   -Х1инца Ибрах1иман васт.
   -Муха хийти шуна Ибрах1иман васт?
   -Ибрах1им къен-миска стаг ву,къинхьегам безаш, къахьоьгур долуш ву, ваха лууш ву.
   Хьал, бахам,таро цахиларо г1уллакх д1адахийтац цуьнан.



Поэма йолаелчахьана чекхъяллалц, цунна т1евог1уш , я и волчуьра д1авоьдуш ца го вайна цхьа а стаг. Стаг,божа,къонах аьлла кхаа декъе бекъалуш бу божарий

СТАГ-юьртана кхаьчна, цунна т1е бог1у нах, и волчуьра д1а а оьху.

КЪОНАХ-махкана кхаьчна ,цунна т1е а буьссу говрашкахь нах. Ткъа Ибрах1им ц1енна а ца кхаьчна , шен чоь ца ларло цунна.

Стеган а, къонахчу стеган а къамел дац цо Сийлахе



дещ дерг. Цо боху Сийлахе хьо нахана ца гайта лекха керт ян воллу со, ло дешча г1у йоккхур ю ша, бохуш дуьйцу.

- Тоьур ду , Нийса боху ,ян ца йо цо цуьнах шена накъост.

Шен чоь ца ларло Ибрах1име .

- Стенна т1ехь г1алат ваьлла иза шен дахарехь?

-- Иза г1алатвалар х1ун ду аьлчахь, ша бина берам мерза



*хуьлура ,ша кхиийна синтар хьоме хуьлура ,ша лехна*

*бахам мехала хетта , воккхавоь.*

*Ц1ахь саца йиш йолуш яхарх*

йоккхаеш Сийлаха яц . ярна,

*т1аккха цунах стаг*

*вац Ибрах1им ,шен дахарх ,*

Сийлахех шена накъост ца



шена улле ца яккхарна , т1аьххьара и ялорна. Мил-мила
ялочул йоцуш висар г1оле ю. Кхоьхьуш долу совг1аташ
д1аоьцур дацара ша адам хиллехь нанас. Нана ша
адамалла долуш хиллехьара , шайн г1ийла ,миска Ч1ола



та1ийна шен доьзал
шегахьара боккхур бацара , цо и йо1
**кхобур яра. Зулам Ибрах1им ву, виъ**
д1аеллехь кхобур яра
. Ша йитана зуда бахьана
шена луъучу мааре яха йиш

**дожарна бехке**
стаг воь цо, И керт, ков цуьнан йо1.
Сийлаха йитина зуда ю долуш
виъ стаг воь цо ,иза йолуш йоллушехь.
Бер д1адуьгуьйтуш 1едал ду . Къонаха стаг масла1ате
хуьлу ,масла1атана нах арабоху .

--Муха лорур вара вай иза?

Вай ма-аллара бер д1адуьгуьйтуш 1едал ду зудчуьнга ша маре яхалц .

Цо ца йитинехьра ша дара, цо иза йитина. Эдалхин вешин бераш байлахь дуьту

цо. Церан зударий жоьра буьту , шен йо1 яла юьту цо. Ша дукха хаза дуьйцуш
хьистина зудчун дахар дохадо цо . Доцца аьлча , нохчийн г1иллакх,оьздангалла,
*дан дезарг, дита дезарг хууш вац Ибрах1им .Цо нах байарх .нислур долуш х1ума дац.Зулам ду цо кхуллуш.цо иза цу т1е йига сихъеш ю.*



5. Книги т1ехь болх бар:

-Поэми т1ехь муха гучудолу вайна Сийлахин, Ибрах1иман васташ? Гайтал вайна и васташ гучудохуш йолу меттигаш.

Аг1о: 229; 230; 231.

-Авторо турпалхойн васташ гучудахарехь 1аламо пайдаоьцуш йолу меттигаш билгалъяхал.

Аг1о: 231; 232;233.

- Даладел кицанаш зудаберийн кегирхойн оьздангаллех лаьцна.

- Полководец Чингисханан дешнаш ду: - Нагахь санна зуда галъяьллехь, ледаръяллехь къонахчун, стеган буйнахь яц иза .Шена т1аьхьа шен ц1ийнан нана йигалуш волчу къонахчунна итт салтичунна т1ехь куьгалла далур ду, итт салтийчунна т1ехь куьйгалла далахь , б1е салтийчунна т1ехь куьйгалла далур ду», аьлла. Оцу дешнаша билгалдоккху Ибрах1имна Сийлахина т1ехь куьгалла цададалар.

Ша вала х1отталц болх беш ву Ибрах1им. Сийлаха деш,дуьтуш доцуш ,йолаелла лелаш ю и ду цуьнан г1алат.Шена ца оьшу бахам бохуш лелла йолу Сийлаха бахамо 1ехайо. К1орггера ойла йича и Эдалха цунна т1ехьийзаш хилла я ца хилла ца хаьа вайна . Цо та1ийна б1аьрг дуьххьара буй-те аьлла хетало.

-Нахалахь лела хууш вуй Ибрах1им? Г1иллакх дуй цуьнгахь?

-Ибрах1им шен стундай, стуннаний долчу воьду. Ваха ца везара цига , шен накъост я кхин воккха стаг вахийта везара цо цига .Цо ша боху

«хьоьца долу эхь-бехк Дала лоьрийла» Ч1олина ша кхетаме хиларе терра хаьа цуьнца къамел дан. Ч1олас боху шен хеннахь ца бира ша серах х1оз , х1инца хьокханах иза балур бац, ша бохург деш доьзал бац, боху цо ( аг1о 57 йоьшу).

- СИЙЛАХА бохучу дашах муха кхета шу ?

Нохчийн яздархочо Х.Эдиловс СИЙ-ЛАХА бохуш яздина. И дош шина орамах льаьтта .Оцу дашо гойту ,шена ма-хаззара д1аяздо ша бохург. Вайна Сийлаха ца гойту доккхачу ловзаргахь , г1абали йоьхна ,дато доьхка дихкина , шифонан т1ам хьийзош хелхаюьйлуш , я синькъерамехь ца гайтина ,я балхахь къахьоьгуш арент1ехь ца гайтина, х1айт аьлла говза каде куьйгаш долуш ,кузаш деш , я истангаш деш ца гайтина . Цхьана меттехь яхь ца гайтина , шена везаш волчу к1анте ша йига ахь бохур дац йо1а , шена т1ехьийзаш волу к1ант витина , кхечуьнга нуьцкъала маре яхийтинчу йо1а,шена хьалха т1ехьийзаш хиллачу к1анте д1ахьожуш ца хилла , шега вистхилча могуьйтур долуш ца хилла . Оцу мехкарша айдина вайн мехкан сий, уьш ца хилла дешна, институташ яьхна , амма нохчийн г1иллакх , оьздангалла дика хууш хилла царна . Шен да-нана ,йиша-ваша ,гергарнаш ца безаш цаьрца г1иллакх дохийча, шена и к1ант мел ч1ог1а везарх д1айоьдуш хилла.

Амма Сийлахас шена луш йолу бехчалгаш бахьана долуш шен сий дойу.

Шен сий дайина ца 1аш, шен йиша-вешин , ден-ненан ,халкъан сий дойу



цо. Х

Х1унда аьлча, нохчийн къомо дешех-детех , луш йолчу сискалх шен сий доьхкина дац. Поэто уьш дика бу бохуш ца яздо, иза ирча г1уллакх

ду

цаьргара доьжнарг бохуш яздо.

Т1аьхьенна



хаий та яздо, оцу тайпанчу х1уманех вай лардаларе кхойкху цо.

- Хьовсал , х1инца муха гайтина вайна Сийлаха ?

Вайна Сийлаха ц1ахь йолуш хин йистехь бен ца го, я ловзаргахь, я синкъерамехь, яц иза.
- Лехча карор дуй сий, лаха деза я лардан деза?
Мел лехарх , мел вадарх, хьадарх карош дац сий, иза лардан деза.



- Х1инца 1ехалур ярий-те нохчийн йо1,я яцара?
Х1инца иза 1ехалур яцара ,х1унда аьлча нохчийн
йоь1арий кхеташ бу, дешна бу, оцу тайпана х1ума шайгара долуьйтур долуш бац. Вайн ворх1а
-
дайшкара охьадог1у сий лардийр долуш бу.
- Х1инца алийша соьга марехь йолчу зудчо шен сий лардеш цхьа а оьрсийн произведени ешний аш?
- Ешна « Евгений Онегин» ц1е йолу роман.
Оьрсий йо1а Татьяна Ларинас шена везаш волу к1ант
д1аттоту .Марехь ю иза къеначу, воккхачу стагехь ,
делахь а и вуха веъча цуьнга деха , доца сов дийца ца
х1утту иза. Хьан куралла , стогалла ша кхуза нисъелча ,д1аяьлла х1инца
дуьйна д1а шен х1усамдена тешаме хир ю ша олий д1авох1уьйту цо иза.
- Дубровский . Мария Кирилловна Троекурова. Мария Кирилловнас цкъа –шозза кехат дохьуьйту шена т1ехьийзачу к1анте , ша маре луш ю олий. И ванне а ца веъча и маре йоьду . Йо1 эцна д1абоьлхуш хуьлу замой ,шен б1о оьций дуьхьалволий совцабо цо . Говрара охьа а оьккхий, сихха йо1 йолчу не1аре воьдий и д1айоьлий куьг кховдадо цо йо1ана т1е, цо мохь хьокху , шена т1е куьг ма кхийдаде ша нехан зуда ю олий. Ц1ендас тапча туху куьйгах Дубровскина . Дубровскис юха а волий, шен охьаоьхуш долу ц1ийна т1е куьг дуьллий мохь туху б1оне , некъ маьрша бита олий.





6. Юьхьанцара т1еч1аг1дар.
   - Х1инца шегара дош хьан эр дара аш?

Вайна поэто шена ма-хаззара. Ша ма-хиллара ,язйина . Цо язйина къинхетам боцчу хьолах нах ца битарх, церан къа царах хьарчарх, адамаш хат1е дарх. Х1инца вай хьалха ма-аллара шена везаш волу к1ант витина , ша маре д1аяхча ,цаьргахьа д1ахьожуш ца хилла, дешех –детех 1ехаелла шен сий духкур долуш ца хилла , оьздангаллех, г1иллакхех юхуш ца хилла цхьа а зуда, цхьа стаг шен дахарна юкъаг1оьртича могуьйтур долуш ца хилла, мостаг1ийн кара бахана, церан лайш хилла хан ца яккха
мокхазан бердах чулелхаш хилла , Эдалха сана ямартлонца т1е куьг кховдийна стаг дукха хьолахь вуьйш хилла.

Цундела хаа деза вайна шайгара масал эца йиш йолуш
турпалхой уьш ца хилар. Вайна хьалха шекончохь
моттаделлера Сийлаха шен безамна т1аьхьа г1ерташ
ю, амма къона ойланаша ха херцарехь вайна гучудолу
шеко йоцуш шен дош лардан ницкъ боций , шен къоначу,
мерзачу безаман а, кхерчан сий дан ницкъ болуш йоций.
Сийлахин дагчу гулло ямарт, зуламе ойланаш, амма уьш
изшо цуьнан ницкъ бац .



те нохчийн мехкарий
санна 1ехалур болуш, йолущ, сискал
юьхьигах яьхь юхкур
Дера ца хилла , х1инцца вуьшта
сунна бакккхийчара ладег1на, шена
веза везаш маре яхар-м волу
к1ант витина , кхечанхьа йо1,



- Хьалха заманчохь хиллий- Сийлаха
шайна лург схьаоьцур
йолуш?
вай дийцина цунах лаьцна ,
дуьйцуш хезна , цаьрга
дита-хь, шена т1ехьийзаш
нуьцкъаха маре яхийтина
шена хьалха т1ехьийзаш хиллачу к1анте д1ахьожуш ца





хилла.Нохчийн г1иллакх, оьздангалла дика хууш хилла
царна. Сийлаха санна лучу х1уманех 1ехалуш ца хилла
нохчийн йо1. Оцу мехкарша даькххина нохчийн хакъан сий
лакха .
- Авторан Сийлахица йолу юкъаметтиг муха хета
шуна?

Автора Сийлаха бехказа ца йоккху и Сийлахин бехк хилар,



шен дахаран 1алашо цуьнан цахилар ч1аг1деш гойту

авторо. Шен дош 1алашдан ницкъ бац цуьнгахь, лаам ницкъ бу моьтту вайна ,амма авторо и а ницкъ цахилар ч1аг1до ,шен мерзачу безаман а, кхерчан а сий

ца до цо.

7.**Рефлексеи :**

- Х1ун болх бира вай урокехь?

Хаза хитирий шуна вайн урок?

- Х1ун 1алашонаш х1иттийнера вай кху урокана?

-Кхочушйирий вай уьш?

- Коьрта х1ун дара шуна?

-Керла х1уммаъ хиирий шуна?

-Хаза х1ун хийтира шуна?

-Уггар ч1ог1а шуна хала хетта меттиг муьлха ю?

-Ша бинчу балхана реза мила ву?

-Мила вац реза?

-Х1унда?

-Х1ун ала мегар ду тахана шен балхана реза воцчуьнга?

8.Ц1ахь:

1-чу тобанна: Эдалхех лаьцна.

2-чу тобанна : Аружех лаьцна.

3-чу тобанна : Ибрах1имех, Сийлахех

Шаьш хадийначу механ «Сийлаха» бохучу поэмех жимо рецензи язъе.

